



Èske w bezwen èd akòz yon andikap?

Èske I difisil pou ou pou aplike pou kèk benefis?

Èske I difisil pou ou pou kontinye resevwa benefis?

Depatman an petèt kapab ede w. Daprè yon lwa ki rele Lwa pou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act - ADA), Depatman an ka ba w èd siplemantè ki rele akomodasyon. Akomodasyon ADA yo ka rann li pi fasil pou travay avèk Depatman an.

Kiyès ki ka jwenn yon akomodasyon? Ki akomodasyon ki disponib?

Si w genyen yon pwoblèm fizik oswa mantal ki rann li difisil pou fè kèk bagay, ou ka elijib pou yon akomodasyon ADA.

Kèk egzanp: Si w gen yon pwoblèm fizik ki rann li difisil pou ale nan biwo a, nou ka ale lakay ou oswa nou ka mete yon randevou pa telefòn.

Si w gen yon twoub aprantisaj ki rann li difisil pou konprann notis Depatman an voye ba w, responsab ka w la ka eksplike yo pou ou.

Si li difisil pou ou pou konprann kèk fòm Depatman an, responsab ka w la ka ede w ranpli fòm Depatman an tou.

Si w gen pwoblèm pou sonje kèk bagay, nou ka asire ou jwenn kèk rapèl.

Genyen diferan kalite tip akomodasyon ki disponib.

Ki jan pou jwenn yon akomodasyon? OU SENPLEMAN MANDE!

Si w panse ou bezwen èd siplemantè, fè responsab ka w la konn sa. Responsab ka w la ka ede w. Responsab ka w la pral travay avèk ou ansanm ak ekip akomodasyon nan biwo ADA a pou chèche konnen ki meyè fason pou ede w.

Manm ekip akomodasyon ADA a:

Si w pa jwenn èd ou panse ou bezwen an, ou ka mande ekip akomodasyon nan biwo santral la pou revize demann ou an. Aprè revizyon sa a, ou ka fè yon apèl nan Divizyon Odyans lan tou.

TÈS DEPISTAJ GRATIS POU TWOUB APRANTISAJ!

Èske w gen pwoblèm pou li, ekri, sonje oswa konprann kèk bagay? Èske sa rann li difisil pou ou nan lekòl oswa nan travay? Si w reponn wi, ou ka vle fè youn nan tès depistaj gratis pou twoub aprantisaj Depatman an pou moun k ap aplike pou TAFDC oswa k ap resevwa TAFDC.

Tès depistaj se premye etap pou resevwa èd ou bezwen. Si li sanble ou ka gen yon twoub aprantisaj, nou pral peye pou yon revizyon konplè. Revizyon sa a, ki rele yon evalyasyon tou, pral enkli kèk rekòmandasyon pou sèvis ak sipò ki ka ede w atenn objektif travay ak aprantisaj ou. **Mande pou yon tès depistaj gratis jodi a!**

